13. Prênahipun kang her adi éning, Rêsi Durna mojar merang Sena, aduh sutaning sun angger, énggoning kang toya nung, paning wana Tikbrasareki, turutèn tuduh ingwang, sangêt parikudu, nucekakèn badanira, ulatana soring Gandamadaneke, ing wukir Candramuka.

14. Dhungkerana ingkang wukir-wukir, jroning guwa jro panggonanira, tuhu herning pawitrane, ing nguni-uni durung, ana kang wruh nggoning toya di, trustha sang Wrêkudara, pamit awotsantun, mring Durna mring Suyudana, angandika sira prabu Kurupati, yayi mas den prayitna.

15. Mbok kasasar denira ngulati, panggonane gawat tan têtela, Wrêkudara lon ature, nora pépeka ing sun, anglakoni tuduh sang yogi, amêsat saking pura, sigra reh sumêngkut, kang maksih aneng jro pura, sanya mesêm nateng Madraka lingnya ris, paran polahé ika.

16. Gunung Candramuka guwaneki, dene kanggonan réksasa krura, kagiri-giri gédhene, sayêkti lébur tumpur, ditya kalih pangawak wukir, tan ana wani ngambah, sadaya gumuyu, ngrasantuk upayanira, sukan-sukan boga drawina mênuhi, kunéng ingkang kawuntat.

II. Pangkur = 44 pada.

1. Lampahé sang Wrêkudara, lajêng ngambah praptanireng wana dri, ririh ing reh gandrung-gandrung, sukanireng wardaya, tirta éning pamungkas wékasing guru, tan nyipta bayaning marga, kacarayan kang den ulati.

2. Ngambah wukir sêngkan-sêngkan, anut baming kapering lêmah miring, gégér ménggér agra gugur, jurang rejeng kaparang, anragancang keh ri sarywa lata lumung, myeng enggar katiban warisa, sela ngapit marga supit.

3. Keksi kang pala kasimpar, pan kawarsan ing mangsa catur asri, panjrah panéwah rum-arum, abra kang patra wijah, ambalrasah bogém banas capakandul, angsana myang kanigara, wilaja lan ganda-suli.

4. Angglar ingkang anggrek wulan, jangga wure araras wora-wari, argulo mékar lan ménur, anjrah gambir gambira, nagapusa angsoka malathi tanjung, prabu setmata sridênta, lawan kananga kununing.

5. Tumiling ili nut awan, kadya manambrama ingkang lumeris, bramara reh nguswa lumung, anglir karunanira, ing kaswasih sangsaya margeng malat kung, riseng Gandanarpatmaja, lênglêng ngulati toya ning.

6. Surya mangrangsang lampahnya, kumyus ingkang riwe saengga warih, gumrégut sangsaya sêngkut, enggaring kabaskaran, nêrang nunjang kasandhung sukuning gunung, wrêksa rug rêbah mbalrasah, sora dhedhet erawati.

7. Geger saising wana, de kang pancawora prahara tarik, sato kabarasat mawur, gumyur sumyur wurahan, saking gênging ampuhan sato kabêntus, kidang-kidang matyeng jurang, tibeng parang angêmasi.

8. Andaka keh tibeng jurang, bujangga gêng amrih mulêt ing uwit, rungkadang wrêksa karangkut, lumajêng marang jurang, wau ingkang tapa-tapa aneng gunung, ajar-ajar kapêlajar, prabawa prahara gumrit.

9. Kéthu kathok kapalésat, kethetheran pathake pother-pathir, rérangangan keh mrékungkung, sangét katisan sanya, tutup tangan cantrik manguyu képlayu, dalancang mangsi kasingsal, ngungsi pa-desan gumriwis.

10. Munya gênthane kang muja, gugup denya nawurkên wangi-wangi, sari suganda sumawur, wau ta lampahira, prapteng wukir Candramuka guwanipun, binubak wukir dhinungkar, sela siningsal atêbih.

11. Wrêksa gêng-agêng kagêman, kaidêran mbalasa bosah-basih, prênahing toya rinuruh, dangu daten kapanggya, kawuwusa ditya kang wontên ing ngriku, sang Rukmuka Rukmakala, kagyat denira miyarsi.

12. Gébruging wukir kadhungkar, lan prahara gora reh nggêgiri-risi, lawan kongasira nambu, gandaning kang sujanma, katgada sang Rukmakala arsa métu, ngêrik angrak lir bathara, berawa anggêmpur bumi.

13. Gora sabda lir bubula, maitala lir Kala Lodramurti, girindra kontrag gumuntur, katon sang Wrêkudara, binandhêman ing wukir asruamuwus, heh hodhik ditya cêbaya, dursila krama mrih pati.

14. Sang Rukmaka Rukmakala, asru muvus manungsa mêngko mati, dursila budimu muput, dhustha ngrusak nggon ingwang, sigra nêmpuh sang Wrêkudara tinubruk, tinêpak tan obah panggah, sinêbrak-sêbrak tan mosik.

15. Sela tan tumameng angga, curna siyung punggél ingukél aglis, agya anaut sumêbut, ingabên lawan wrêksa, sang Rukmuka anggana anggalêpung, uték wutah sunamburat, Rukmuka sampun ngênasi.

16. Rukmakala ngrik manrajang, wus cinandhak winayangkên bianting, ing sela ditya malêdug, sumyur rahnya sumêbar, sarêng pêjah Rukmuka Rukmakaleku, sirna bangkene tan ana, jêr samya jawata luwih.

17. Kêna ing papa cintraka, Endra Bayu dinukan Hyang Prames-
 thi, dadya ditya kalihipun, neng guwa Candramuka, yata wau sang
 Bayutanaya wuru, kabeh wukir binalengkrah, toya tan ana pinanggih.
 18. Sadangunira ngupaya, gunung-gunung kawur den obrak-abrik,
 sayah kasaput ing delu, ngadêk soring mandera, giyuh ing tyas de
 nira ngupeya banyu, pawitra dangu tan angsal, miyarsa swara du-
 mêling.

19. Tan katon kang duwe swara, aduh putuning sun liwat kas-
 wasih, ngupaya nora kêpangguh, tan entuk tuduh nyata, ring prê-
 nahe kang sira upaya iku, sangsayeku polahira, Wrêkudara duk mi-
 yarsi.

20. Nauri sintên kang swara, dene botên kaeksi dening kami,
 punapa yun ngambil tuwuh, kawula nggih sumangga, lêhêng péjah
 ngulati datan kêpangguh, kang swara gumuyu suka, yen sira tambah
 ing mami.

21. Duk sira mateni ditya, iya ingsun karo jawata sami, kêna
 ing papa cintreku, kang nempurnakên sira, Endra Bayu aran ingsun
 kang satu, duk ditya si Rukmakala, lawan Rukmuka ran mami.

22. Sira angulati toya, pituduhe Dhanyang Durna ing nguni,
 nyata na banyu rip iku, tuture Rêsi Durna, nanging nora ing kene
 panggonanipun, sira balia atasna, ênggone ingkang sayêkti.

23. Duk miyarsa Wrêkudara, kendêl sarwi wagugên tyasireki,
 saksana wau sumêbrung, mantuk marang Ngastina, tan winarna ing
 marga Ngastina rawuh, pêndhak ing dina samana, kang wontên ngar-
 sa jro puri.

24. Kadya duk angkate Sena, Rêsi Durna Bisma miwah para ji,
 lan pra santana gung-agung, nateng Wangga Mandraka, Sangkuni
 nyang Sindurja samya neng ngayun, Sudama Suranggakara, Kuwirya
 Kurawasêkti.

25. Rahaden Rekadurjaya, Raden Jayasena munggeng ngarsi, kagyat wau praptanipun, sang Arya Wrékudara, samya kaget mbagek-kên kabeh wong agung, babo arining sun prapta, antuk karya sun watawis.

26. Yayimas ngêmpek kewala, praptanira sayêkti antuk kardi, sang Rêsi Durna sumambung, paran mas lakunira, Wrékudara pukulun datan kapanggih, nggene wukir Candramuka, mung ditya kalih kêpanggih.

27. Rukmuka lan Rukmakala, sampun sirna kalih kawula banting, dene ditya amrih lampus, sikara ing kawula, wukir kabeh kabalengkrah tan katêmu, paduka tuduh kang nyata, sampun amin-dho gaweni.

28. Sang Durna angrangkul sigra, babo-babo lagya ingsun ayoni, katêmênane ing guru, mêngko vus kalampahan, nora mungeng ngantêpi tuduhing guru, iya mêngko sun wêwarah, énggone ingkang sayêkti.

29. Iya têlênging samodra, yen sirestu ngguru pun bapa kaki, ngêsung têlêng samodra gung, Wrékudara turira, sampun mênggah ing têlênging samodra gung, wontêna nginggiling swarga, dhasar-ang kang septa bumi.

30. Wangsa ajriha palastra, anglakoni tuduh sang maha yakti, iya babo suteng ulun, yen iku pinanggih, bapa kakinira kang wis padha lampus, besuk uripe neng sira, lan sira punjul ing bumi.

31. Tan ana aji tumama, sirna kasor kawêngku ing sireki, Prabu Ngastina sumambung, dhuh aduh ariningwang, kaya paran pratikêliring délanggung, dene kaliwat agawat, prênahing kang tirta êning.

32. Aja sira kaya bocah, den prayitna Wrékudara nauri, heh Kurupati kakangku, srahna marang jawata, awya mêlang tumilih lilakna aku, aja nggrantês ing manah, pirang bara yen basuki.

33. Ya yayi muga antuka, lakunira pitulunging dewa di, pamit Arya Sena sampun, mring Durna mring sang nata, ing Ngastina si-
gra mèsat lampahipun, saking pura pan wus mèdal, nédya amantuk
runiyin.
34. Matur ing raka Ngamarta, kunéng Wrékudara lampahi-reki,
wau ta ingkang winuwus, ing nagari Ngamarta, saangkate Wrékudara
kesahipun, dene tan kèna inganpah, kalengkung samya prihatin.
35. Sang aprabu Dermaputra, niwah Danajaya lan ari kalih,
saputra sagarwanipun, prihatin maras ing tyas, samya rémbug
utusan ngaturi wèruh, saking sungkawa punika, marang prabu Dwa-
ravati.
36. Mèsat caraka Ngamarta, mawi sérat ing marga tan winarni,
ing Dwarawati wus rawuh, katur ing sri narendra, sérat saking
Ngamarta sinuksmeng kalbu, kagyat nggarjiteng wardaya, sang apra-
bu Harimurti.
37. Datan sakeca tyasira, angundhangi wadya budhal sang aji,
sawadya kuswa kasusu, ing marga tan winarna, ing Ngamarta sang
nata lampahnya rawuh, geger méméthuk busêkan, Yudhistira lan
para ri.
38. Samya ngabékti sadaya, wusnya tata lénggah areng jro pu-
ri, prabu Darmaputra matur, nyang arya Dananjaya, saha waspa ing
madya wasananipun, katur ing raka sadaya, ri sang prabu Harimurti.
39. Ngandika narendra Krésna, yayi prabu aywa sungkaweng ga-
lih, polaha arinireku, ki arya Wrékudara, nadyan silih nêmpuh
yêktining pangapus, ing tingkah Kurawa cidra, den pasrah ing ba-
thara di.
40. Wong anédya puruuta, ujar bécik upama den alani, santosa
ing bathara gung, ingkang nédya bancana, mangsa wurung nêmu wé-
walês ing pungkur, punagi ing aturira, marang prabu Harimurti.

41. Yen prapta ari paduka, mila munjuk datan sestu ngulati, kawula bujana nayub, kaestokna jêng nata, yen sampuna kaka Prabununtén rawuh, yékti barubah kang manah, rayi dalêm sadayeki.

42. Lagyeca imbal wacana, praptanira wong agung Jodhipati, gumuruh sanya angrubung, atur trusthaning driya, Dananjaya lawan Mangkula rinipun, nyang Pancawala Sumbadra, Drupadi miwah Sri-kandhi.

43. Sami rêrêp sungkawenya, angandika sang prabu Harimurti, nera payo yayi prabu, nutugna abujana, sigra Wrekudara sru pamuwusipun, aywa susah abujana, pan ingsun nora ngénteni.

44. Marang pambujananira, karyaning sun mung arsa tur upek-si, pan iya nuli awangsul, miwah mring sira Krêsna, pan kaparêng ingsun iki aweh wêruh, arsa mring tênging samodra, ngupaya sinom-ing warih.

III. Sinom = 18 pada

1. Ing tuduhe Dhanyang Durna, angulati toya urip, nggone tênging samodra, iku arsa sun lakoni, matur kang para ari, aduh kangmas sampun sampun, punika dede lamba, tan pantês dipun lampahi, duk miyarsa njétung prabu Yudhistira.

2. Umatur dhatêng kang rake, ing narendra Harimurti, paran ing karsa paduka, rayi sampeyan puniki, tan kenging den palangi, Krêsna kendêl tanpa muwus, langkung pangunira, bingung tan nauri nênggih, ing ature sang sri Batanakawarsa.

3. Sigra prabu Yudhistira, amêngkul dhatêng kang rayi, Arjuna Mangkula Sdewa, ing suku sanya nangisi, Pancawala Drupadi, Sumbadra Srikandhi ngayun, nggubêl sanya karuna, miwah nata Harimurti, andrêwili mituturi Bayusuta.

4. Sanya nangis ngampah-ampah, tan keguh ginubêl tangis, Dananjaya nyêpêng asta, raden kalih suku kalih, sarwi lara anangis, Krêsna mungwing ngarsanipun, Srikandhi lan Sumbadra, sanya mangrubung nangisi, kinipatkên sadaya sami kaplêsat.

lampahé wus tébah, kadya tinilar ngemasi, sagunge ingkang kari, apan ta arsa sinusul, ajrih pangampahira, sira prabu Harimurti, dadya kendél sadaya wayang-wuyungan.

6. Saénggon-énggon karuna, sagung ingkang santanestri, kakekungan gadhép sadaya, ing narendra Harimurti, tan pégat mituturi, kang rayi samya andhèku, dadya wau kang raka, makuwon sajroning puri, kawuwusa wau kang adrèng ing lampah.

7. Sahira saking jro kutha, nulya sruh manjing wana dri, tan kesthé durgameng awan, tan ana baya kaeksi, sagung wong tèpis wiring, sawok ing pandulunipun, lampahé Arya Sena, lir naga krura ngajrihi, anrang baya amrih tuhuning agêsang.

8. Kayon katub ing maruta, sumuking swaranira tri, kadya ngatag sékar mékar, samirana mawor riris, panjrahing sarwa sari, karirisan marbuk erum, jangga kumuning sumyar, angsana pudhak kasilir, tinon kadya kang wéntis kesisan sinjang.

9. Sora subrataning driya, sahira saking nagari, canggeret-nong mawurahan, kadya nyapa ring sang brangti, mrak munya aneng wuri, barungan kang péksi cucur, lir aken awangsula, kidang wangsul saking ngarsi, kadya napu sruning sangsayeng wardaya.

10. Rêsrês munya asaunan, yayah kadya mituturi, bételuk daires lan wugan, anambêr-nambêr wiyati, anglir ngalangi margi, wangsula sang amalat kung, kongkang neng rong lir réntang, mawarah upaya sandi, endra sila tanduking karti sampeka.

11. Diwasaning diwangkara, titi sunya têngah wéngi, kédhasih munya timbangan, musthikeng ganeya muni, mangun onéng salwiring, kadya mawarah mrih lampus, upaya Dhanyang Durna, tan tuhu amrih basuki, mawa kamandaka durgamaning awan.

12. Nuninda sikareng asta, ri anà sang hyang Bayweki, anut ujunging aldaka, denira lumaris aris, purwa ngimantareki, sirat-sirat wus kadulu, wismane hyang Beruna, panitihing jalanidhi, keksi praba sang maharsi dipaningrat.

11

13. Ana rikang paksi mijah, panyéngak cangk munya sri, sasmita ken awangsula, risang kasangsareng ragi, sata wana munyan-jrit, wéwarah risang monéng kung, mangambah wana pringga, kongas tépining udadi, alun anrés gumulung anémpuh parang.

14. Sumyak lir suraking aprang, marpéki saya kaeksi, karang munggul kawistara, danu wun-awun nawéngi, ana kang kadya esthi, karang mengo liman anjrum, prapta sang Wrékudara, umadég tépining tasik, mangu mulat tuman trunaning udaya.

15. Ombak angémbang gélagah, panduk ing karang mangsuli, kadya nambrama kang prapta, wangsula kang among ragi, gora reh anékani, gora rug guntur-gununtur, manulak mawalikan, sang monéng munandikani, sangsayeng tyas emut warahing sang kaka.

16. Tuhu darma kamandaka, tuduhira sang maharsi, yen wangsula arda merang, kangén ujarireng uni, suka natiyeng tasik, mangkana wau kadulu, palwa awarna-warna, kumérab ing jalanidhi, ting karêtap kadya wencak sumamburat.

17. Lênglêng mulat ing udaya, rancakaning tyas kalingling, anglangut tanpa watésan, sang monéng lir tugu nanik, alun gêng nggégilani, langgèng agolong gumulung, toya nuncar analang, kising gisik kaeksi, wédhinya lir isining kang sékar mékar.

18. Sangsanging kang lembak-lembak, lir cémara uwal saking, ukéling dyah sinjang lukar, tan wus ucepén ing géndhing, isining kang jaladri, pira-pira langénipun, raras ruming jro toya, pangjang winarna ing tulis, Wrékudara tan kondur eraning driya.

IV. Durma = 32 pada

1. Musthi ing tyas sira Arya Wrékudara, ing baya tan kaeksi, yen tan amanggiha, toya reh tirta marta, tan wrin palastra ing tasik, mangsah mbég péjah, cangcut gunrégut manjing.

2. Ing samodra wireganira légawa, banyu sumawut wéntis, méléng angganira, alun pan sumamburat, sumémbur muka nampéki, migég ing angga, wakét jangga kang warih.

3. Emut ing tyas ana aji jaya sngara, lun agêng anangkêbi, katgada manêngah, sira sang Wrékudara, sayah gênjor ingkang wên-tis, datan kaetang, kunêng wontên winarni.
4. Kang naga gêng kyatingrat anêmbur nawa, wisanira duk prapti, krura makikikan, katon kembang-kembang, gêngnya sa-prabata sivi, galak kumêlap, sumênbur angajrihi.
5. Lir kinêbur samodra molah prakêmpa, kagyat duk aningali, Arya Wrékudara, iki bêbaya prapta, eram uniyat gêngneki, datan antara, kotbuta anêkani.
6. Kadya guntur kumêbur ingkang samodra, prabawanira atri, mangap kadya guwa, siyung mingis kumilat, sumawur visa lir ris, manaut krura, mulêt kadya ambanting.
7. Nêngah apan kasangsang kapulêt naga, angrês sang Bayu-siwi, wisane sang naga, tumampêk mukanira, kewran ing tyas nyip-ta mati, saya pinolah, ing naga mobat-mabit.
8. Seriranya kômput ginubêt sadaya, mung jangga ingkang maksih, sangsaya manêngah, sagung kang palwa nggiwar, nyana pan-caruba prapti, prahara salah, gusis palwa wus têbih.
9. Lir sinaon palwa tan ana katingal, wau kang anrihjurit, sayah Arya Bima, emut sang amikara, cinublês kanaka glis, kang munggwing angka, pasah rahnya drês nijil.
10. Pancanaka menjing awakng sang naga, tatas pating saluwir, rah mijil lir udan, abang toyeng samodra, sapandêlêng kanan kering, toya dadya rah, naga gêng wus ngêmasi.
11. Sirna dening sang Sena sadaya suka, saisining jaladri, wau kawuwusa, risang murweng parasdya, wruh lakune kang kaswasih, sang Amurweng rat, praptane sang Amanrih.
12. Dinuta tan uninga jatining lampah, tirta marta maéning, mapan tan pengarah, tirta kang wruh ing tirta, suksma-sinuksma mawingit, tangeh manggiha, yen tan nugraha yêkti.

13. Kunêng sanalika wuwusén Pandhawa, dahat denya prihatin, sangsaya anggagas, merang ing kadangira, arsa nusula pra sami, aja salaya, yen némahana pati.
14. Samya nggubél nênuwun kang pangandika, sang prabu Hari-murti, samya tinangisan, sira narendra Krêsna, wus aywa na kang prihatin, pan kadangira, nora tumékeng pati.
15. Malah antuk kanugrahaning jawata, besuk preptane suci, iya pan sinihan, de sang Suksma kawékas, winênang aliru dhiriri, raga bathara, putus ing tingal êning.
16. Uwis padha maria aja sungkawa, enggar tyasira sami, sir-na susahira, dene wau miyarsa, pangandika kang sayékti, saking kang raka, nata ing Dwarawati.
17. Yata malih wuwusén sang Wrêkudara, neng tëlênging jaladri, sampun pinanggih, awarni deva bajang, péparabe deva Ruci, lir lare dolan, ngandika têtanya ris.
18. Heh ta Wrêkudara apa karyanira, téka ing kene iki, apa sédyanira, iya sêpi kewala, tan ana kang sarwa adi, myang sarwa boga, miwah busana sêpi.
19. Amung godhong aking yen ana kumleyang, tiba ing ngarsa mami, iku kang sun pangan, yen nora nora nana, nggarjita tyasnya miyarsi, sang Wrêkudara, ngungun denya ningali.
20. Dene bajang neng sagara tanpa rowang, cilik amênthik-mênthik, iki ta wong apa, gédhe sajênthik ingwang, pangucapo sru kumaki, ledak kumêthak, dene tapa pribadi.
21. Lan maninge Wrêkudara ingkang prapta, iya ing kene iki, akeh pancabaya, yen nora êtoh péjah, sayékti tan prapta ugi, ing kene mapan, sakalir sarwa mamring.
22. Nora urup lan ciptamu paripaksa, nora angeman pati, sé-dya kaluhuran, kene mangsa anaa, kewran sang Wrêkudareki, sêsaurira, dene tan wruh ing gati.

22. Dadya alon Wrékudara saurira, mangsa borong sang yogi, sang wiku lingira, lah iya sira uga, bebete sang hyang Pramesthi, hyang Girinata, turase pan sayékti.
24. Saking Brama uwite kang para nata, iya bapakireki, turun seking Brama, méncarkén para raja, dene ibunira Kunthi, kang duwe tédhak, iya sang Wisnumurti.
25. Nung patutan têtêlu lan bapakira, Yudhistira pangarsi, panônggake sira, panêngah Dananjaya, kang loro patutan Madrim, jangkêp Pandhawa, praptamu kone iki.
26. Iya Dhanyang Durna akon ngulatana, banyu rip tirta êning, iku gurunira, pituduh marang sira, yeku kang sira lakoni, mulane iya, angel pratingkah urip.
27. Aja lunga yen tan wruh ingkang pinaran, lan aja mangan ugi, lamun tan wêruha, rasaning kang pinangan, aja nganggo-anggo ugi, yen durung wruha, araning busaneke.
28. Wêruhe lan têtakon bisane iya, lawan têtiron nênggih, dadi lan tumandang, mêngkono ing ngagêsang, ana jugul saking wukir, arsa tuku mas, mring kêmasan den wehi.
29. Dlancang kuning den anggêp kancana mulya, mêngkono ing ngabékti, yen durung waskitha, prênaha kang sinêmbah, Wrékudara duk miyarsi, ndhêku nor raga, dene wiku sidik.
30. Barwi sila sandika andikanira, sang Wrékudara met sih, anuwun jinatyan, sintên ta aran tuwan, dene neng ngriki pribadi, sang Harbudyeng rat, ya ingsun deva Ruci.
31. Matur alon pukulun yen makatêna, pun patik anuwun sih, ulun inggih datan, wruh puruiteng badan, sasat sato wana inggih, tan mantra-mantra, waspadeng badan suci.
32. Langkung mudha pungsung cinacad ing jagat, kesi-esi ing bumi, angganing curiga, ulun tanpa warangka, wacana kang tanpa siring, yata ngandika, manis sang deva Ruci.

V. Dhandhanggula = 55 pada

1. Lah ta mara Wrêkudara aglis, lumêbua guwa garbaningwang, kagyat miyarsa wuwuse, Wrêkudara gumuyu, sarwi ngguguk turira aris, dene paduka bajang, kawula gêng luhur, inggih pangawak prabata, saking pundi marganing kawula manjing, jêntik mangsa sêdhênga.
2. Angandika malih deva Ruci, gédhe êndi sira lawan jagat, kabeh iki saisine, kalawan gunungipun, samodrane alase sami, tan sêsak lumêbua, guwa garbaning sun, Wrêkudara duk miyarsa, esmu ajrih kumêl sandika turneki, menglong sang Ruci deva.
3. Iki dalan talingan ngong kering, Wrêkudara manjing sigra-sigra, vus prapta ing jro garbane, andulu samodra gung, tanpa têpi nglangut lumaris, léyêp adoh katingal, deva Ruci nguwuh, heh apa katon ing sira, dyan sumaur sang Sena inggih atêbih, tan wontên katingalan.
4. Awang-awang kang kula lampahi, uwung-uwung têtih tan katonan, ulun saparan-parane, tan mulat ing lor kidul, wetan kilen datan udani, ing ngandhap nginggil ngarsa, kalawan ing pungkur, kawula botên uninga, langkung bingung ngandika sang deva Ruci, aywa naras tyasira.
5. Byar katingal ngadhêp deva Ruci, Wrêkudara sang wiku kawangwang, unancur katon cahyane, nulya wruh ing lor kidul, wetan kilen sampun kaeksi, nginggil miwah ing ngandhap, pan sampun kadulu, apan andulu baskara, eca tyase miwah sang wiku kaeksi, aneng jagat walikan.
6. Deva Ruci. Suksma angling malih, payo lumaku andêdulua, apa katon ing dheweke, Wrêkudara umatur, wontên warni kawan prabata katingal ing kawula sadaya katonan katon katon.

7. Dewa Suksma Ruci ngandika ris, ingkang dhingin sira anon cahya, gumawang tan wruh arane, panca maya puniku, sajatine ing tyas sayêkti, pangarêping sarira, tégêse tyas iku, ingaranan muka sipat, kang anuntun marang sipat kang linuwih, kang sajatining sipat.
8. Mangka tinuduh mulya lumaris, awaséna rupa aja samar, kawasane tyas êmpang, wit tingaling tyas iku, anêngêri marang sajati, eca sang Wrêkudara, aniyarsa wuwus, dadya medêm tyas sumringah, dene ingkang abang irêng kuning putih, iku durgamaning tyas.
9. Pan isining jagat amépêki, iya ati kang têlung prakara, pamurunge laku dene, kang bisa pisah iku, mêsthi bisa amor ing gaib, iku mungsuh tapa, ati kang têtêlu, abang irêng kuning samulya, ingkang nyégah cipta karya kang lêstari, pamoring suksma.
10. Lamun nora kawilêt ing katri, yêkti sida pamoring kawula, lêstari ing panunggalé, pone den awas emut, durgama tri kang mungging ati, pangwasane wêruha, siji-sijinipun, kang irêng luwih prakosa, panggawene asrêngên sabarang runtik, andadra ngambra-ambra.
11. Iya iku ati kang ngadhangi, ambuntoni marang kabêcikan, kang irêng iku gawone, dene kang abang iku, iya tuwuh napsu tan bécik, sakehing pénginan, métu saking iku, panasten panasbaranan, ambuntoni marang ati ingkang cling, marang ing kawaspadan.
12. Apa dene kang arupa kuning, kawasane nanggulang sabarang, cipta kang bécik dadine, panggawe amrih tulus, ati kuning ngandhêg-andhêgi, mung panggawe pangrusak, binanjur jimurung, mung kang putih iku nyata, ati antêng nung suci tan ika iki, prawira ing kaharjan.

13. Amung iku kang bisa nampani, ing sasmita sejatining rupa, nampani nugraha nggone, ingkang bisa tumanduk, kaléstaren pamoring gaib, iku mungsuhé tiga, tur samya gung-agung, balane ingkang têtiga, kang aputih tanpa rowang amung siji, narma anggung kasoran.

14. Lamun bisa iya nêmbani, marang mungsuh kang têlung prakara, sida ing kono pamore, tanpa tuduhan iku, ing pamoring kawula gusti, Wrékudara miyarsa, sêngkud pamrihipun, sangsaya birainira, saya marang kauwasaning ngaurip, sampurnaning panunggal.

15. Sirna patang prakara na malih, urub siji wévolu warnanya, sang Wrékudara ature, punapa vastanipun, urub siji wolu kang warni, pundi ingkang sanyata, rupa kang satuhu, wontên kadi rêtna muncar, wontên kadi naya-naya angebati, wontên abra markata.

16. Marbudyengrat dewa Ruci angling, iya iku sejatining tunggal, saliring warna tégêse, iya ana sireku, kabeh iki isining bumi, ginambar angganira, lawan jagat agung, jagat cilik nora beda, purwa ana lor kidul kulon puniki, wetan luhur nyang ngandhap.

17. Mivah abang irêng putih kuning, iya panguriping kang buwana, jagat cilik jagat gedhe, tan beda isinipun, tinimbangkên ing sira iki, yen ilang warna ingkang, jagat sadayeku, saliring reka tan ana, kinumpulkên ana rupa kang sajati, tan kakung tan wanodya.

18. Kadya tawon gumana puniki, ingkang asawang péputran dên-ta, lah payo dulurên kuwe, Wrékudara andulu, ingkang kadya péputran gadhing, cahya nancur kumilat, tumeja ngênguwung, punapa inggih punika, warnaning dat kang silih dipun ulati, kang sayêktining rupa.

19. Anauri aris dewa Ruci, iku dudu ingkang sira sêdya, kang mumpuni ambêk kabeh, tan kênana sira dulu, tanpa rupa datanpa warni. tan gatra tan satmata. iya tanna duning. rupa duning miring

20. Dene iku kang sira tingali, kang asawang péputran mutyara, ingkang kumilat cahyane, angkara-kara nurub, pan pramana arane nênggih, uripe kang sarira, pramana puniku, tunggal ana ing sarira, nanging datan milu sungkawa prihatin, ênggone aneng raga.

21. Daton milu mangan turu nênggih, iya datan milu lara lapa, yen iku pisah ênggone, raga kari ngalunpruk, yêkti lungkrah badan puniki, ya iku kang kuvase, nandhang rahsanipun, inguripan dening suksma, iya iku sinung sih sinandhang urip, ingakên rahsaning dat.

22. Iku sinandhangkên ing sireki, upama simbar aneng kêkaywan, ana ing raga ênggone, uriping pramaneku, inguripan ing suksma nênggih, misesa ing sarira, sang pramana iku, yen mati milu kalêsnan, lamun ilang suksma ing sarira nuli, uriping suksmana ana.

23. Sirna iku iya kang pinanggih, uriping sukma ingkang sayata, kaliwatan upamane, lir rahsaning kêrumu, sang pramana amrasandhani, tuhu tunggal pinangka, jinatyan puniku, unatur sang Wrekudara, inggih pundi wannanipun kang sayêkti, deva Ruci ngandika.

24. Daton kêna iku yen sira prih, lan bahanan kang samata-mata, sampang angel pirantine, Wrekudara unatur, kula nuwun panéjang malih, inggih kédah uninga, babar pisanipun, pun patik ngaturkên péjah, améjanga anggen-anggen ingkang pésthi, sampun tuwan kangelan.

25. Yen makatên ulun botên nijil, sampun eca neng ngriki kewala, datan wontên sangsayane, tan niyat mangan turu, botên erip botên angêlih, botên ngraos kangelan, botên ngêrês linu, amung nikmat lan nupangat, deva Ruci lingira iku tan kêni, yen ora lan antaka.

26. Sangsaya sihira dewa Ruci, marang kang kaswasih ing panêdha, lah iya den awas bae, mring pamurunging laku, aywa ana karêmireki, den bènêr den waspada, panganggêpireku, yen wis kasi-kép ing sira, aywa umuk den nganggo parah yen angling, iku reh pépingitan.

27. Nora kênâ lamun den rasani, lan sasama-semanning manungsa, yen nora lan nugrahane, yen ana nédya padu, angrasani rêrasan iki, bécik den kalahana, ywa kongsi kêbanjur, aywa ngadekên sara, lan ywa krakêt marang wisayaning urip, den kaasta pamanthênging

28. Kang misaya iya maring pati, den kaasta pamanthênging cipta, rupa ingkang sabênêre, sinêngkêr bawaneku, urip datan ana nguripi, datan antara mangsa, ing kahananipun, uwis ana ing sarira, tuhu tunggal sasana lawan sireki, tan kênâ pinisaha.

29. Dipun wêruh sangkanira nguni, tunggal sepaktining buwana, pandulu nyang panyarsane, wis ana ing sireku, panduluning suksma sajati, pan datan mawa netra, pamiyarsanipun, iya datan lawan karna, netranira kannanira kang kinardi, iya wis aneng sira.

30. Lairing suksma aneng sireki, batining suksma uga neng sire, mangkene ing pralambange, kadi wrêksa tinunu, ananing kang kukusing agni, kukus kalawan wrêksa, lir toya lan alun, kadya mnyak lawan puhan, raganira ing reh obah lawan nosik, yékti lawan nugraha.

31. Yen pamoring kawula lan Gusti, lawan suksma kang sinêdya ana, iya aneng sira nggone, lir wayang sarireku, saking dhalang polahing ringgit, minangka panggung jagat, kélir badanipun, amolah lamun pinolah, sepolahe kuredhêp lawan ningali, tumindak saking dhalang.

32. Kang misesa amisesa sami, datan antara pamoring karsa, jêr tanpa rupa rupane, wus ana ing sireku, pamiarsane rupa sajati. inakane nêlo hvang suksma. wawancan nêlô iya sine nan

33. Badan jaba wujud kita iki, badan jéro mungging jroning kaca, ananging dudu pangilon, pangilon jroning kalbu, yeku wujud kita pribadi, cumithak jro panyipta, ngérémkên pandulu, luwih gédhe barkahira, lamun janma wus gambuh lan badan batin, sasat srira bathara.

34. Awit dening lamun anujoni, sapaténon ing sacipta kita, janji semurwate bae, badan jéro puniku, yékti bisa aminangkani, badan kadim punika, iya uga wujud, jroning nanik ananira, dene rahsa uga kaperang dadya tri, kang dhingin rahsa jaba.

35. Rahsa jéro nulya rahsa kadim, rahsa jaba iya rahsa badan, dene rahsa jéro réke, yeku rahsaning tutuk, rahsa kadim rahsa-ning ngimpi, nging kabeh iku sanya, kawéngku Hyang Agung, tégèse kang langgêng gêsang, kang angajak turu mélek ménéng mosik, lan nindakne ambékan.

36. Uga ingkang wajib anampani, mring lébu wétuning kang ambékan, égandhengan apa dene, kalawan lébu wétu-, ning ambékan kita puniki, de pasénétanira, neng badanireku, badan vinaseseng gêsang, thukuling wulu kulit ingkang nguripi, kulit pan inguripan.

37. Dening daging daging dening gétih, uriping gétih saking ambékan, ambékan saking uripe, dene ingkang dadya tuk, ngembun-bunan nulya umili, katampen kembang gédhang, angileni sagung, warata sakojur badan, marma lamun ilining tuk den pépéti, ngalumpuk tanpa daya.

38. Ananging sumurupa sireki, kabeh-kabeh iku mung békakas, ora langgêng salawase, awit urip puniku, kawéngku ring ingkang nguripi, ingkang nguripi uga, ya isih kawéngku, dening ingkang karya gêsang, kang karya gêsang tan kêna den tingali, lawan netra kèpala.

39. Atanapi paningaling budi, muhung kéné lamun tiningalan, lan paningaling uripe, kang wus lagnyana suwung, tégése wis tanpa piranti, dadi lamun mangkana, kéné linakon mung, sapisan nanging kalawan, awani anjumênêngakên sawiji, marma angelingana.

40. Manawa dumadining sakalir, kang awit saking obahing karsa, iya uga pakolehe, saka obahing kayus, cékake manungsa puniki, pathoke wani péjah, lamun wêdi lampus, sabarang ora tuméka, sêdyanira luput ancasa tan dadi, mangka lamun ingucap.

41. Luwih géngnya kalépasan iki, lawan jagat agéng kalépasan, kamuksan luwih lémute, salêmbutaning banyu, isih lémbut kamuksan iki, langkung alit kamuksan, saaliting têngu, pan isih alit kamuksan, liring luwih amisesa ing sakalir, liring lémbut alitnya.

42. Bisa nuksma ing agal lan alit, kalimputan sagung kang rumangkang, gumrêmêt uga tan pae, kaluwihan satuhu, pilih ingkang bisa nampani, tan kéné ngandéléna, ing warah lan wuruk, den sangngêt pangudininira, raganira wasuhên prptanya ngungkih, wruha rung-siding tingkah.

43. Wuruk iku kang minangka wiji, kang winuruk upamane papan, anglir kacang lan kédhèle, sinêber mungwing watu, yen watune daitanpa siti, kodanan kapenasan, yékti nora thukul, lamun uwis wicaksana, tingalira sirnakna ananireki, dadi tingaling suksma.

44. Rupa lawan swaranira nuli, ulihéna mring kang duwe swara, jêr sira mung ngakên bae, sêsulih kang satuhu, nanging aywa darbe sireki, pakarêman lyanira, saka ing Hyang Agung, dadi sarira Pangeran, obah mosikira wus dadi sawiji, ywa loro anggêpira.

45. Lamun dadi anggêpira pèsthi, yen ngrasa loro isih waswas, kéné ing rêngu yéktine, yen wus siji sawujud, sakarêntéging tyas sayékti, apa sinédya ana, kang cinipta rawuh, wis kawêngku snong sira, ing sajagat jêr sira ingkang kinardi, gégênti den asarah.

asasab, andhap asor panganggone, nanging ing batinipun, ing sakédhap tan kéné lali, laire sasabana, kawruh patang dhapur, padha anggêpên sadaya, kalimane kang siji iku pèrmati, kanggo ing kene kana.

47. Lire mati sajroning ngaurip, iya urip sajroning palastra, nanging urip salawase, kang mati iku napsu, badan lair ingkang nglakoni, katampun badan nyata, pamore sawujud, pagene ngrasa matia, Wrékudara ing tyas padhang anampani, inggih ingkang nu-graha.

48. Lir sasangka katawéngan riris, praptaning wahyu ngima nir-mala, sumilak ilang rêgêde, deva Ruci amuwus, andikane manis ari-rih, tan ana aji paran, kabeh wus kawêngku, tan ana kang kaulapan, kaprawiran kadigdayan wis kawingking, sagung rehing ngayuda.

49. Têlas wulangnya sang dewa Ruci, Wrékudara ing tyas datan kewran, wus wruh ing anane dhewe, ardaning tyas wus lerud, tanpa êlar anjajah bangkit, sawêngkon jagat raya, sagung wus kawêngku, pantês prématining basa, saenggane sêkar maksih kudhup lami, mangkya mékar ambabar.

50. Winbuh warna lawan gandaneki, wus kéné kang panca rêtna médal, saka ing guwa garbane, wus salin alamipun, angulihni alame lami, dewa Ruci wus sirna, mangkana winuwus, tyasira sang Wrékudara, iulus saking gandaning kasturi jati, panasing tyas wus sirna.

51. Wus lêksana salékêring bumi, ujarira wruh pinangkanira, siring wardaya mulane, mung panarima mungguh, kadyanggane ngangge sutra di, maya-maya kang srira, rehnya sarwa alus, rinukma ingêmas-êmas, arja sotya sinotya ing manik-manik, wruh parane ing tingkah.

52. Sarwa alus ing budinireki, wernendah lir kintaka sumêkar, kasturi jati namane, pratandha datan korup, ing kawikan ingkeng alungid, ingungkaban kabisan, kawruh ten kaliru, lan malih ingkang busana, pan winarna wirega wilêt tulya sri, lancingan kam-puhira.

53. Mangka pangemut-emuting nguni, warna tiga sajroning gwa garba, dewa Ruci pépengête, kang irêng kuning iku, pamurunging laku kang yêkti, kang putih iku têngah, sidaning pangangkuh, kalimane kang ginambar, wus kaasta sanalika datan lali, mituhu anggêpira.

54. Sajatine duk laire nguni, Wrêkudara saking bungkusira, wus acawêt sinjang poleng, karsane sang Hyang Guru, warna irêng lan warna putih, jangkêpe catur nangkya, poleng bang bintulu, yeku kang minangka sebab, pambengkesing sumêngah jubriya kibir, kesthi sadangunira.

55. Wus nangkana Wrêkudara mulih, enggale wus prapta ing Ngamarta, panggih lan kadang-kadange, langkung sukaning kalbu, Darmaputra lan para ari, ngluwari nadarira, abujana nayub, tam-buh sukaning wardaya, dene ingkang rayi praptanya basuki, sirna prihetinira.

Tamat.